



Pou Piblikasyon Imedya: 19/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPANSYON LWA “MOVE OVER”A (METE W SOU YON LÒT LIY) AN VIGÈ KOUNYE A POU PWOTEJE PONPYE VOLONTÈ AK ANBILANSYE YO**

*Nouvo Lwa Pi Byen Pwoteje Premye Sekouris New York yo*

*Anons Sèvis Piblik (Public Service Announcement, PSA) pou Fè Sansibilizasyon sou Lwa disponib [Isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ekspansyon lwa “Move Over” New York la an vigè kounye a pou pwoteje ponpye volontè ak anbilansye yo. Lwa sa a, Gouvènè Cuomo te siyen ane pase a, egzije pou tout chofè ralanti epi deplase al sou yon lòt liy trafik, lè gen yon machin ki gen limyè ble oswa vèt k ap flache, epi ponpye volontè yo ak anbilansye yo itilize pou ijans ki rive sou bò wout la yo.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Chak jou ponpye ak anbilansye sa yo riske byennèt yo pou ede vwazen yo ak kominote yo. Nouvo lwa a ak kanpay sansibilizasyon an pral ofri Nouyòkè brav sa yo plis pwoteksyon pou ede asire yo kapab fè travay yo ki enpòtan anpil, pandan y ap pran mezi kont danje neglijan ki te ka evite yo.”

Lwa “Move Over” New York la egzije chofè yo pou yo itilize pridans, pou yo ralanti epi fè fason pou yo mete w sou yon lòt liy trafik san danje lè y ap apwoche veyikil fòs lapolis, kamyon ponpye, anbilans, kamyon remòkaj, veyikil konstriksyon ak antretyen yo, epi kounye a ponpye volontè ak anbilansye yo k ap flache limyè ble oswa vèt ki kanpe sou bò wout yo. Depi lwa “Move Over” a te pran efè an 2011 lan, yo te agrandi l pandan twa fwa pou l vin aplike pou yon seri pi gran varyete veyikil, epi sa te lakoz yo te bay otomobilis ki vyole lwa sa yo plis pase 79 000 tikè.

An Novanm 2016, alaswit de aksidan ki te koze lanmò yon chofè kamyon remòkaj ak yon anplwaye Thruway Authority, ajans sekirite trafik ak transpò atravè tout New York yo te kolabore ansanm sou premye kanpay aplikasyon ak edikasyon sou lwa “Move Over” a.

- Lapolis Eta a te bay 230 kontravasyon pou vyolasyon lwa “Move Over” a pandan peryòd senk jou yo te fè respekte lwa sa a – sa ki kat fwa plis pase kantite kontravasyon tipik yo konn bay pandan dire yon semèn.

- Yon nouvo [Anons Sèvis Piblik \(Public Service Announcement\)](#) Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor’s Traffic Safety Committee) te fè ki mete aksan sou enpòtans lwa “Move Over” New York la, te deja kòmanse difize sou chèn televizyon kab yo ak lòt chèn teledifizyon atravè tout New York yo.
- Pèsonèl Thruway a yo, Twoup T Lapolis Eta a, ak operatè kamyon remòkaj yo te patisipe nan konvèsasyon ak anpil milye kliyan nan arè sèvis sou Thruway la yo epi yo te distribiye plis pase 10 000 feyè ki gen enfòmasyon edikasyonèl pou fè sansibilizasyon pou lwa “Move Over” a.
- Te gen divès mesaj yo te afiche sou pano atravè tout eta a pou raple kòmanse apati lendi 14 Novanm a 7 è a.m. jiska vandredi 18 Novanm a 8 è p.m. ak postè yo te poste anndan toule 27 arè sèvis ki sou Thruway a yo pou sipòte kanpay la.

**Terri Egan, ki se Komisè Egzekitif Adjwen DMV a ak Prezidan Pwovizwa GTSC a te di,** “Lwa ‘Move Over’ a ap rann otowout New York yo pi an sekirite epi l ap sove lavi. Gras a ekspansyon Gouvènè Cuomo te fè resaman nan lwa a, ap gen menm plis premye sekouris nou yo pral pwoteje pandan y al rann sèvis dezenterese nan non konsitwyen Nouyòkè yo.”

**Komisè Lapolis Eta a George P. Beach II te di,** “Lapolis Eta a pral kontinye fè respekte dispozisyon lwa Move Over yo nan yon fason agresif. Tout sila yo ki travay sou otowout yo, soti nan premye sekouris yo rive nan travayè antretyen yo, mete lavi yo an danje chak jou pou ede popilasyon an. Nou ankouraje otomobilis yo pou yo itilize ekstrèm prekosyon lè yo wè aktivite sou bò otowout yo, pou yo ralanti, epi mete w yo sou yon lòt liy trafik.”

**Direktè Egzekitif Pwovizwa Thruway Authority a Bill Finch te di,** “Moun ou wè k ap travay sou bò wout yo se zanmi ak fanmi yon moun – lwa ‘Move Over’ a absoliman enpòtan pou asire sekirite yo. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo a, nou tout nan eta te travay san pran souf pou ogmante sansibilizasyon sou lwa sa a pou nou pwoteje tout moun ki ap sèlman fè travay yo kont danje. Mwen ankouraje otomobilis yo pou yo ralanti epi mete yo sou yon lòt liy pou pwòp sekirite tèt yo ak sekirite moun ki ozalantou yo tou.”

**Komisè Depatman Transpò a Matthew Driscoll te di,** “Nou bezwen pou nou fè tout sa nou kapab pou pwoteje premye sekouris nou yo, epi dènye ekspansyon Gouvènè Cuomo te fè nan lwa ‘Move Over’ New York la pral asire menm plis nan moun ki la pou nou lè nou bezwen yo pral an sekirite. Lè ou mete w sou yon lòt liy pou yon premye sekouris, ou ap jwe wòl pa w pou ede sove lavi lè ouvè chemen pou yon ijans. Mwen rekonesan pou premye sekouris yo k ap travay pou pwoteje nou chak jou.”

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sekirite sikilasyon nan New York, tanpri vizite [www.safeny.ny.gov](http://www.safeny.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418